**Аруан щIыналъэм мылъку зыхухихыу, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэ**

**«Псыгуэнсу къуажэ дэт 2-нэ курыт еджапIэ»**

# Адыгэ литературэмк1э урок

# Темэр: «ЩоджэнцIыкIу Алий. «ЩIымахуэ жэщ» поэмэр»

**Зыгъэхьэзырар– адыгэбзэмрэ лиературэмкIэ егъэджакIуэ Шыд Ф.С.**

**2025 гъ.**

# 1. Дерсым и екIуэкIыкIэр



Дерсым и эпиграф.

ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэм къэбэрдей литературэм зыужьыныгъэшхуэ иратащ, лъагапIэщIэхэм ар хуашащ ... Езы зэман дыдэр зыпэмылъэщ усакIуэм и тхыгъэ хьэлэмэтхэр псэунщ и анэдэлъхубзэкIэ псалъэу зы адыгэ дунейм тетыху.
***ХьэкIуащэ Андрей.***

**Дерсым и темэр:** ЩоджэнцIыкIу Алий и «ЩIымахуэ жэщ» поэмэр.

**Дерсым и лIэужьыгъуэр:** щIэныгъэ щрагъэгъуэт дерс.

Дерсым и мурадхэр:

**а)** ***ягъуэтын хуей щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ:***

-ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ щыгъуазэ щIын;

-усакIуэм и образнэ гупсысэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къэхутэн;

-бзэр шэрыуэ, купщIафэ зыщIу поэмэм къыщыгъэсэбэпа Iэмалхэр къэхутэкIэрэ еджакIуэхэм я бзэр нэхъ къулей щIын;

-ЩоджэнцIыкIу Алий адрей усакIуэхэм къыхэзыгъэщхьэхукI щытыкIэхэм

гу лъегъэтэн;

-еджэныгъэ компетенцэм хэгъэхъуэн, поэмэм и гупсысэ нэхъыщхьэр

къегъэхутэн, лирическэ тхыгъэхэм дегъэхьэхын;

-поэмэм къиIуатэ зэманым цIыхухэм я псэукIэм, яку дэлъ псэукIэ зэхуэмыдэныгъэр къэзышэ щхьэусыгъуэхэм нэIуасэ хуэщIын;

-еджакIуэхэм я бзэм зегъэужьын.

**б) гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ:**

-анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъу, ар зыфIэхьэлэмэт, къэзылъхуам пщIэ хуэзыщI ныбжьыщIэ къэгъэхъун:

-псалъэм хуэсакъыу, и мыхьэнэр зыхащIэу егъэсэн:

-ЩоджэнцIыкIу Алий и IэдакъэщIэкIхэр гъэщIэгъуэн ящыщIын.

**в) я къэухьым зиужьын и лъэныкъуэкIэ:**

-поэмэм къыхэщ лирическэ лIыхъужьым и шыфэлIыфэр, зыхуэдэм гулъытэ хуегъэщIын;

-усэным и щэхухэм ехьэлIауэ еджакIуэхэм ябгъэдэлъ Iэзагъым

хэгъэхъуэн;

-жьабзэмкIи тхыбзэмкIи ягъуэта ехъулIэныгъэр гъэбэгъуэн.

**ДэIэпыкъуэгъу хъуну Iэмэпсымэхэр:**

компьютер, проектор, экран, адыгэ литературэ хрестоматиер, адыгэбзэм

и псалъэгъэнахуэр. ТхакIуэм и сурэтхэр къыфIэдзэн, е экраным къытрегъэдзэн.

**Ядж предметхэм я зэпыщIэныгъэр:**

дерсыр ухуащ адыгэ литературэмкIи, урыс литературэмкIи, тхыдэмкIи ягъуэта щIэныгъэр къэлъытауэ.

**Дерсым щалэжьам кърикIуэн хуей зыужьыныгъэр:**

**Сабийм и зэфIэувэныгъэм ехьэлIауэ (личностные):**

-еджакIуэм поэмэм щекIуэкI Iуэхугъуэм хуиIэ щытыкIэр иубзыхуфу, абы бзэ шэрыуэкIэ тепсэлъыхьыфу, поэмэр зытепсэлъыхь Iуэхугъуэр къыщыхъуа зэманымрэ иджырейимрэ зэригъэпщэфу, анализ ищIу гъэсэн;

**-(регулятивнэ):** тхыгъэм щыгъуазэ зыщищIкIэ алгоритм иубзыхурэ абы тету елэжьыным егъэсэн, план зэхилъхьам тету поэмэм и псалъэкIэ тепсэлъыхьыжыфу егъэсэн, проблемэ игъэуврэ абы и жэуапыр къилъыхъуэу, къигъуэту егъэсэн;

**-(познавательнэ):** еджакIуэхэм я бзэм, я къэухьым зегъэужьын, ипэкIэ яджар къэпщытэжын, ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и творчествэмрэ теухуа лэжьыгъэ пыухыкIа ирагъэкIуэкIын.

**Зэпсэлъэныгъэм еджакIуэхэр хэшэн:**

-Сыт урок кIуар зыхуэгъэпсауэ щытар?

-Сыт гукъинэж фщыхъуар?

(ЕджакIуэхэм упщIэм жэуап ират. Ди еджапIэм и музейм щалъэгъуар, нэхъ ягу къинэжар къыжаIэж.)

**Коммуникативнэ:** и ныбжьэгъум жиIэм йодаIуэ. Адрейхэм къагурыIуэн псалъэмакъ, къэпсэлъэныгъэ зэхалъхьэфу зрагъасэ, щхьэ закъуэу лэжьэфу, тхакIуэм и гъащIэмрэ и творчествэмрэ къапщытэфу йосэ, и лэжьыгъэр къипщытэжыфу, нэгъуэщIым ейри къипщытэфу зрегъасэ;

**Регулятивнэ:** я лэжьыгъэр къаIуэтэжыфу, псалъэмакъ яубзыхуфу йосэ, и ныбжьэгъум и псалъэмакъым зыгуэрхэр дыщIегъу е егъэтэмэм.

**Познавательнэ:** нэгузыужьыгъуэм ялъэгъуар ягу къагъэкIыж, къаIуэтэж. ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и творчествэмрэ теухуауэ я щIэныгъэм хагъахъуэ.
Результатыр долъагъу я лэжьыгъэр къагъэлъагъуэкIэрэ, тепсэлъыхькIэрэ, упщIэхэм жэуап ираткIэрэ.

**3) ТемэщIэр яубзыху.**

Аудиозапись йодаIуэхэр. ИужькIэ поэмэр зищIысыр къащIэж.

-ЦIыкIухэ, нобэрей темэр сытым хуэгъэпсауэ щытыну пIэрэ, дауэ феплъэрэ?

-Япэ щIыкIэ къэдывгъащIэт поэмэр зищIысыр, сыт хуэдэ гупсысэхэр фиIэ абы теухуауэ?

-Урокым ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэ «ЩIымахуэ жэщ»-р дджынущ, абы дытепсэлъыхьынущ. (Поэмэр зищIысыр къазэрыгурыIуэм хуэдэу къыжаIэ, зыгуэр щыщIэмэ ягъэтэмэмыж. Псалъэ гугъухэр къыхагъэщ.)

**Коммуникативнэ:** аудиотхыгъэм зэхэщIэгъуэу къызэреджэм гу лъатэ, езыхэри абы хуэдэу къызэреджэным хущIокъу.

**Регулятивнэ:** псалъэ гугъухэр къыхагъэщ, абыхэм я мыхьэнэр езыхэм зэрахузэфIэкIкIэ яубзыху, къегугъуэкI хэтмэ егъэджакIуэм йоупщI.

**Познавательнэ:** дунейм и къэхъукъащIэхэм цIыхум и дунейри елъыта зэрыхъум щапхъэхэмкIэ кIэлъоплъ.

Унэм зыщызыгъэгъуазэ къеджэныгъэ ирагъэкIуэкIам ипкъ иткIэ псалъэ гугъухэр къыжаIэри абыхэм я мыхьэнэр яубзыху.

**Зыкъапщытэж.**

**4) Словарнэ лэжьыгъэ.** (экраным кърегъэдзэн, тетрадым ирегъэтхэн). Бадзэ хужь-уэс. Джэбын хужь-уэс. Джафэу унэм къыщIэнащ-зыри имыIэу, къулейсызу къэнащ. Дыгъужь нэщIауэ- дыгъужь мэжэлIауэ. Сэлэт хъыжьэм-сэлэт лIыхъужьым. Фызабэ-лIы зыщхьэщымытыж цIыхубз. Къуэлъыр бащи-хузэфIэкIыныр бащи. ЩхьэхуэфI зауэ-тепщэхэм езыхэм щхьэ хуэфIын къыхэхын папщIэ, къагъэхъея зауэ. Махуэл дэкIмэ- пIалъэ дэкIмэ. Пшэрыхь щIыкIэу - псэущхьэ и нэмыс хуимыщIу. Iэджафэщ- зыри иIэкъым, IэщIэлъкъым. Хунэмысхэм йопщэфIэкI- йолIалIэ, йоубзэ, щошынэ, зыхуейр хуащIэ. Щыхьэр- къалэ, къалащхьэ. Даущыншэт- Iэуэлъауэншэт. Уэсым псори исеят- псоми уэс телът. Уэнжакъыншэу и уэздыгъэр-фэтыджэн уэздыгъэм уэнжакъ фIэмылъу. Ещхьэпэплъу- и нэ теуназэу къытримыгъэкIыу еплъу. Абджыпс унэм и пшыналъэр-абджыпс унэм къыщIэIукI пшынауэ, джэгу макъыр. Жьгъыру- уэзджынэ цIыкIу. Жэрдэм закъуи хуэмыщIауэ- зыри хузэфIэмыкIауэ. Нэ щахэр- нэ нэщхьейхэр, нэжэгужагъ зыщIэмыт нэхэр, Iэ хулахэр- упIышкIуа хуэдэу хъуа Iэ лалэхэр.

**5) ТемэщIэр ядж.**

а) Поэмэр гупиплIым ятегуэшауэ гуп къэс я Iыхьэм къеджэурэ тепсэлъыхьыжын.

б) Гуп къэс я Iыхьэм кIэух къыхуагупсыс, абы топсэлъыхьхэр.

в) Гупым хэт еджакIуэхэм зым адрейм хуиIуэтэжурэ я Iыхьэхэр зытепсэлъыхьыр зрагъащIэ, ар я псалъэкIэ къаIуэтэжыфу зрагъасэ.

г) ЕджакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэр жаIэфу, псалъэмакъ ирагъэкIуэкIыфу ирегъасэ, хуей хъумэ ядоIэпыкъу.

**Коммуникативнэ:** гуп хэту лэжьэфу, и гъусэхэм ягурыIуэу, и гъусэм гупсэхуу едаIуэрэ, упщIэ гуэрхэри хуигъэуву йосэ, поэмэр зытеухуар къиIуэтэжыфу зрегъасэ, и IуэхуеплъыкIэр къызэриIуэтэным хущIокъу;

**Регулятивнэ:** поэмэм Iыхьэ къылъысам зэкIэлъыхьауэ щыри къоджэ, зэрытепсэлъэхьыжыну щIыкIэр яубзыхуфу зрагъасэ, рассказ зыкIэлъыхьа планым тету яубзыхуфу зрагъасэ; тхыгъэм къиIуатэ гупсысэ нэхъыщхьэм зрагъэужьу зрагъасэ.

**Познавательнэ:** поэмэр зытепсалъыхь зэманым щыIа псэукIэм щыгъуазэ защI, иджырей зэманым ирагъапщэ. ИКТ компетенцэр ирагъэфIакIуэ. Зыкъапщытэж проблемнэ упщIэкIэрэ (рефлексия):

-Сыт къызыхэкIар поэмэм и кIэух гукъутэр? (гуп къэс упщIэ я Iыхьэм ехьэлIауэ я карточкэхэм итхэм и жэуапыр къат).

Поэмэр зытепсэлъыхь зэманыр проблемнэ упщIэхэмкIэ къыжрегъыIэ

егъэджакIуэм:

-Сыт хуэдэ псэукIэ яIар цIыхухэм а зэманым щыгъуэ?

-СыткIэ къыщхьэщыкIрэ а зэманыр иджырей ээманым?

-ЦIыкIухэм проблемнэ упщIэм и жэуапыр яубзыху, я гупсысэр къаIуэтэфу зрагъасэ. Поэмэр зытепсэлъыхьыр къыщыхъуа зэманым щыIа псэукIэмрэ иджырей ди дунеймрэ зрагъапщэ, къэралым ис цIыхубэ псоми зэхуэдэу еджэнуи лэжьэнуи хуитыныгъэ яIэу зэрыщытын хуейр къыжаIэ (зыкъапщытэж)

**Коммуникативнэ:** я гъусэхэм ечэнджэщу, жэуап яубзыхуфу зрагъасэ, поэмэр зытепсэлъыхь щIалэ цIыкIум сытыр и псэукIэнт иджырей зэманым, къэралым сытыт абы хуищIэнур...

**Регулятивнэ:** проблемэ къиIэтам егупсысауэ жэуап зэкIэлъыкIуэ иритыфу

йосэ.

**Познавательнэ:** и гупсысэкIэр, и Iуэху еплъыкIэр и псалъэкIэ къиIуэтэфу зрегъасэ, тхылъым имыт нэгъуэщI источникхэм зыхуегъазэ, зрегъапщэ. Гуп къэс езым и Iыхьэр зытепсэлъыхьым, къыщыхъу Iуэхугъуэхэм щхьэусыгъуэр къахутэ.

**6) Яджар егъэбыдылIэн.**

Мурадыр: къеджэныгъэ компетенцэм зегъэужьын.

ЕгъэджакIуэм упщIэхэр ярет:

-тхыдэм щыщу сыт хуэдэ лъэхъэнэ поэмэм къиIуэтэж Iуэхугъуэр къыщыхъуар?

-сыт фыз тхьэмыщкIэм апхуэдэ бэлыхь къыщIытепсыхар?

-дауэ къывгурыIуэрэ фэ «Изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэркъым», «Щхьэ къуийм

и лажьэр щхьэ псом ищIэркъым» жихуиIэ псалъэжьхэр?

**Коммуникативнэ:** щхьэзакъуэу езым и упщIэм елэжьыфу жэуапыр текстым къыхигъуэтэфу, къыдеджэ цIыкIухэм я пащхьэ ирилъхьэфу зрегъасэ;

**Регулятивнэ:** и пащхьэ кърагъэува упщIэм жэуап иритыфу, абы елэжьыфу зрегъасэ;

**Познавательнэ:** и къеджэныгъэ компетенцэм зрегъэужь.

(Результат) Иджар фIыуэ къыгурыIуэрэ къыгурымыIуэрэ къызэрахутэ упщIэм жэуап иретри и жэуапри текстым къыхегъуатэри къахуоджэ, зыкъызэрапщытэж экранми зретхэж и жэуапыр тэмэму къалъытам.

**7) Урокыр къызэщIэкъуэжын:**

-нобэрей дерсым хуэдгъэува мурадхэр къыдэхъулIа, дауэ феплъра?

-сыт щIэуэ къэфщIа? Сыт нэхъ къывэхъулIар?

**Коммуникативнэ:** оценкэ къахьар къыщIахьар къаIуэтэфу йосэ;
**Регулятивнэ:** и лэжьыгъэри и ныбжьэгъум и лэжьыгъэри къипщытэжыфу, оценкэ игъэувыфу, зэпкърихыфу йосэ;

**Познавательнэ:** я IуэхущIафэм къыпэкIуэр къапщытэфу зрагъасэ,

егъэджакIуэм къипщытэным щымыгугъыу езыхэми къапщытэу зрагъасэ.

**8) Унэ лэжьыгъэр:** поэмэм и кIэм нэс еджэн; поэмэм и пэщIэдзэ сатырым къыщыщэдзауэ сатыр 24-м нэс гукIэ зэгъэщIэн; упщIэхэм жэуап етын.